Ст 15К2
Ш-33

ГУЛИСТАН ШАМУРАТОВА

# ӘМИУ ӘПСАНАСЫ



ҚҚ2
Ст Ш-33

ГҮЛИСТАН ШАМУРАТОВА



# ӘМИЎ ӘПСАНАСЫ

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1996-ЖЫЛ.

Ш—33
84 қар 7

Шамуратова Г. Әмиў әпсанасы:—Нөкис: Қарақалпақстан, 1996-ж. 36 бет.

*Жоқары жастағы мектеп оқыўшылары ушын*

Жазыўшы—шайыр апамыз Гүлистан Шамуратова китап оқыўшыларға өзиниң бир нешше поэзиялық топламлары менен жақсы таныс. Ол соңғы ўақытлары проза жанры бойынша да қәлем тербетип атыр. Қолыңыздағы китапшадан жазыўшының „Әмиў әпсанасы“ атлы шығармасы ҳәм жаслар менен муҳаббат ҳаққындағы сәўбети орын алған. Китап жаслар ушын жақсы саўға болады деп ойлаймыз.

10759
MA'LİMLEME RESURS ORAYI
хр 02

Ш $\frac{4702240204-294}{М-357(04)\ 96}$ 25-96

ISBN 5-8272-1640-2

228354
ККАССР Республиканская детская библиотека

© „Қарақалпақстан“ баспасы—1996

үр 20. ТІР

## ХОШ БОЛ, АНАХИТА!

*(әпсана)*

Сапарға шыққан төртеў едик. Төртеўимиздиң де мақсетимиз дөретиўшилик, излениў, дүнья таныў, өмир шынлығын өз көзимиз бенен көриў болғанлықтан, машинамызды ески қорған—«Жампық қала» ға қарай бурдық. Биримиз филология илимлериниң докторы, Сарыгүл Баҳадырова, екиншимиз—көрнекли художник—мүсинши Жолдасбек Қуттымуратов, үшиншимиз—талантлы шайыр Әбилқасым Өтепбергенов. Ал, төртиншиси—мен.

Дөретиўшилик пикир алысыў кешелеримиздиң биринде маған Жолдасбек Қуттымуратов өзи экспедицияда жүргенде, естелик қорғанлардың биринен Анахитаның бас мүсинин таўып алғанын ҳәм оның мүсинин соғыў ҳаққында көптен ойланып жүргенин айтты. Буннан 2 мың жыллар бурын жасаған ата-бабаларымыз өзлериниң Анахитасын «Суў периси» деп әпсанаға айналдырғаны мәлим. Әпсананың мазмунын тыңлаўшыларға Жолдасбек тап шынлықтай етип, майын тамызып айтып береди. Бирақ Анахита мүсинин соғыўға өзиниң ойында писип жетилиспей атырған тулға яки реңлерди бояўына ата-бабаларымыздың жайлаған ески мәканларынан табыў нийети бизлерди «Жампық қала» қорғанына баслап киятырған еди. Қорғанның ишине кирип, бәлент

дийўалларының төбесине шығып, әтирапындағы тәбият көринислерине қаланың илгерги қурылысының дүзилисине дыққат пенен нәзер аўдарып қарадық. Бул көринислерди көрип Сарыгүл Баҳадырова бирден илимий ой жуўыртса керек. Ол:

— Адамлар! Мынаў Қоблан батырдың қорғаншасығой, дәстандағы сүўретленген тәбияттың бәрин көз алдыңызға келтириңизши? Бул қаланың аты «Қорғанша» болыўы керек. Ал ҳәзирги илимпазлар бул қаланың сыртқы көринисине қарай «Жампық қала» деп атап кеткен болыўы итимал,—деген пикирди айтты. Неше әсирлерден берли қыйралған қаланың дийўаллары әтирапында аяқ басар жердиң ҳәммеси де сынған буйымлардың қыяқларындағы түрли реңлер күн нурына шағылысып көздиң жаўын алады. Сынық қалдықлар арасынан Жолдасбек Қуттымуратов бир моншақ тумарша таўып алды. Тумаршаның сыртқы көриниси қундақлаўлы баланың сүўрети екен. Төбесинен жип өтетуғын көзи бар. Ҳасыл тасқа түрли рең берилген. Бул тумарша бизлерди үлкен ой тербелисине салды. Ал, Жолдасбек болса, еле «Анахитаның тулғасы табылмаспа екен», деген дәме менен үйилген топырақ аралас, сынық қыяқлардың арасын тинткилеп жүр. Қас қарайғанша қорғанның иши-сыртын көзден өткердик. Тоқсан түрли ойдың толғағында толғанып, ата-бабаларымыз әлле қашанғы заманлардан берли бул мәканның ҳасыл топырағы менен гөззал тәбиятының қәдирин билип, дүньяға даңқы жайылған қалалар салған. Сырт еллер менен де байланыс етип, қарым-қатнас, саўда-сатлық еткен. Сонлықтан да, илимпаз археологларымыздың болжаўларына қарағанда, бизиң Ўатанымызда мың қаланың дерегиниң барлығын дәлиллеп атыр. Бир-бирине жақын, тығыз жайласқан ески қорғанлардың, қалалардың орны усы күнге шекем сақланып, олар ҳаққында не деген аңыз-әпсаналарды еситиўге болады. аңыз-әпсаналар арқалы бабалары-

мыздың даналығы менен батырлығын, искерлиги менен қарапайым ҳадаллығын, талай жаўын жеңип, қалалар салып, он бармағы өнерли, шебер, тәбият пенен сырлас дийхан, жаны да, тәни де таза, аңқылдақлығынан жаўынан алданып, шабылып, лалазар еткен мәкан жайларынан айырылып, жаўгершиликлерге ушырап, басларынан қыян-кести заманларды өткергенликлерин билип атырмыз.

Елимиздиң ҳәзирги ўақытларында суўдан там-тарыс болып, басынан экологиялық жағдайды кеширип атырғанлығынан ба, ямаса Жолдасбек Анахита әпсанасын жүдә тәсирли етип айтқанлықтан ба, мениң қыялымнан Анахита ҳаққындағы ойлар кетер емес. Жолда киятырсам да, үй машқаласы, қазан-табағымды жайғастырып жүрсем де, түнлерде төсегимде жатсам да Анахита ҳаққындағы ой бийлеп кете береди.

Жаным рәҳәтленип, жәннет бағына енип кеткендеймен. Әтирапыма ықлас пенен заўықлана қарайман. Шексиз жазийралықлар көк липасқа бөленип, теңиздей толқыйды. Ушы-қыйырына көзим жетер емес. Қалың тоғайлардың арасынан жолбарысы ақырып, бөрилери шуўлап, қораз-қырғаўыллар қып-қызыл жалындай, көздиң жаўын алып ушып баратырса, аспандағы ғазлар дизбеги қатар-қатар болып, жубын үзбестен сыңсып, ғаңқылдасқан сеслери үлкен бир симфониядай жүрегиңди жымбырлатып, кеўлиңди қуўанышқа бөлегендей туйылар еди. Усы жанға пайызлы мәканда бинә болғанына ырза болғандай «Ақша көл» бойындағы қамыслар самал менен ырғалып, күн нурына шағылысқан гүмистей суўдың бетин шорп-шорп сүйип атырғандай бойларын таслайды. Адым атсам аяғымның астындағы қып-қызыл шоқтай қызарған саз ылайы гүзлик бийдайдың қамырындай ийленип созылады. Қыялымда сапарға шыққан төртеў пайда болып, және Анахита ҳаққында бас қатырып, ол ҳүкимдарлық еткен патшалықты излеп баратырған екенбиз деймен.

Алдымыздан Қаратаўдың гиддимандай тасларынан, қып-қызыл пискен сазды желим ылай етип қуйған, аспан менен барабар диййаллары бар, қорғанлы елат пайда болады. Төртеўимиз қорғанның алдында отырып, Жолдасбек тапқан тумаршаны бирим-бирим мойынларымызға тағып, өз тилеклеримизди тилеп атырмыз. Мениң менен Сарыгүл тап бурыннан ойласып қойғандай болып:

— Бизлер сол Анахита перийзаттың дийдарын бир көрсек,—дейди.

— Суўдың пири Анахита анамыз, сениң руўхың бизлерди суўсыз етпейди, ал бизлердиң нәресте ийисин аңсағанымыз қашшан, өмиримизди жасартқандай нәресте бар?!—деймиз.

Ал Жолдасбек пенен Әбилқасым:

— Бизлер сол Анахита перийзаттың дийдарын бир көрсек, оның сулыўлығын дүньяға символ етип таныты̆ў бизиң ўазыйпамыз болсын,—дейди.

Бизлердиң бул тилеклеримиз қабыл болғандай, тап сахна ашылғандай диййўал жылжып, айтса инанғысыз гөззаллық дүньясы жарқырап кетти. Аң-таңымыз шығып қалған бул көринисти Жолдасбек бизлерге түсиндиреди.

Бул гөззал мәкан Анахитаның ўатаны. Бул ўатанда 2000-жыллар илгери халқымызға өзиниң ақыл-парасатлығы менен қоса сулыўлығынан алдына адам салмайтуғын Анахита деген әдил патша болған еди,—дейди.

Бизлер сахнаға шыққандай гөззаллық дүньясына араласып кеттик. Түрли мийўаға малынған дарақлардың саясындағы сыпада аппақ ақ қуўдай Анахита ел-халқын жыйнап, уллы аламан алдында «сегиз қырлы, бир сырлы жигит»—деген әпсанасын баянлап турған екен. Оның үстиндеги аппақ көйлегиниң етекжени менен жағасы қызыл-жасыл ғайры нағысларға қубылса, басындағы тақыясының енли жийеклери, борлаттан,

төбеси ҳаўайы, шекесиндеги қос жудырықтай пөпегиниң зерлери сәўле шашқан күн нурына шағылысар еди. Оның таўыстай таранған сулыў ҳәм сүйкимли тулғасын сүйиспеншилик пенен ҳәм де қоңыраўдай сыңғырлаған сестин ҳәмме уйып тыңлап отыр. Оның ҳәр күнги айтатуғын бир әпсанасын халық жалықпастан келип тыңлай бергенликтен ҳақгөйлик, тапқырлық, шешенлик, өткирлик, қырағылық, намысгөйлик, шаққанлық, ҳадаллық деген қәсийеттиң ҳәммеси адамлардың санасына сиңип, 62 тамырынан аққан қанына тарап кеткен қусайды. Ҳәмместиң сана-сезиминдеги бул қәсийетлердиң жәмлениўинен дөрелген елаттың даңқы дүньяға жайылған сайын, оған ақылсыз душпанларының иши күйип, патшалықты жаўлап, Анахитаны өзине сүйикли яр етип алыўды мақсет етер екен. Бирақта бир сырлы, өнерли елдиң панайынан өткен жаўдың күли көкке ушып, тумсығы уўылып қайта берипти.

Күнлердиң күниндей келип, бул әпсанаўий елдиң қыян-кести ўақыясының үстинен шығып, гүўа болғанымызға ҳайран қаламан. Жыйналған аламанның сыртын атлы әскерлер қоршап тур. Беллериндеги қылышы менен қолларындагы найзаларының ушы пазнадай жарқырайды. Ал, алдыңғы пияда әскерлердиң үстиндеги ақ көйлек, ақ дамбалларының қапталынан шашақлы белбеўлери безеп, оның үстинен қатара сабақ байланған. Қолларында оқ жайы, әсиресе, олардың бәлент тулғасы менен буўдай реңи, ат жақлы қап-қара көзлери, қасы менен көмирдей шашларын тықырлап алдырып, тастөбеликтеги орайлықтан айдар, шекесинен тулымшақ қойғанларын айтпайсыз ба? Бизлер бала ўақтымызда төбемизден қойған айдар, шекемиздеги тулымшақ, маңлайымыздағы кекиллеримизди үлкейгенде умытып кеткенимизди дәрриў есиме аламан.

Айдай Анахитаның жадырап, бизлерди сыйлы қонағы етип, уллы аламанға таныстырып, ҳәр қайсымызға

сөз бергени журегимизди толып-тастырып, тиллеримизден дурлер шашылып атырғандай дилўарланып сөйлеп атырмыз. Ең дәслепки сөзге шыққан Сарыгүл қолындағы тумаршаны оған көрсетип:

— Әй, қүдиретли анамыз, Анахита! Сиз мойныңызға тағып, қудайталадан алақандай маңлайыңа ығбал тилеп жалбарынған тумаршаңызды таўып алдық. Сизиң усы тумаршаңызды қолымызға алып, өзлеримиздиң арзыў-әрманларымызды иске асырыў ушын сизден мәдет тилеймиз,—дейди. Ал Жолдасбек болса:

— Әй перийзат, сизиң тулғаңызды жаратыўға машқы етип, толғанып жүргеним қашшан. Қандай бахытқа дус болдым. Арзыўлым, Анахита! Енди мен сениң мүсиниңди көзимди жумып отырып-ақ пәраўан сала беремен. Әттең, саған ылайық ҳасыл тасты ҳәм реңди қайдан табаман?—дейди. Ал Әбилқасым болса, Наўайы ғәззелинен жазған муҳаммесин оқып, «Сендей жанан жети ықлымда болған емес»,—деп бүлбилдей сайрайды. Енди маған гезек жетти-аў деген пайытларда, қайдан пайда болғаны белгисиз, өмиримше жаманлықтан бөтен қолынан келмеген, қара бақайына шекем сумлық жайлаған иплас, жексурын қас душпаным Нуртайша ортаға шығып, маңлайы май қабақтай жылтырап, көзи бақырайып, ҳәр танаўы шелектей ҳәррейип, өзин мақтап турып алғанын айтпайсыз ба? Оның менен де турмай, маған сөз берместиң қыйрасын ислеп, изине ертип келген пәмсиз, соқыр, сулыў Меңлихан атлы сүйиклисине меннен бурын: ең талантлы, ең сулыў, жас шайырымыз деп сөз бергенин қәйтесең. Шыдамым таўысылып орнымнан турып кетежақ нийетимди түсинген Анахита анамыз жай парасатлық пенен маған нәзер аўдарып «шыда» дегендей белги береди. Ал, тыңлаўшы аламан да мениң сөзге шығыўымды тынышсызланып күтип отырғандай кейип билдире баслады. Асыға күткен пайытлар жетиўден дүрликкен шапалақлар үстине Анахитадай жаны таза, ҳадаллық ҳәм пәкликти жыр-

лайтуғын «Ана жүреги» атлы қосығымды мәнисине жеткерип, бәлент лапыз бенен оқығанда халық силтидей тынып, қас душпанымның иши күйип, жүзи қап-қара көмирдей түтеп турғанын көрдим. Соншелли азада, жаны сап ҳадаллық арасында өзиниң ҳарам нийетиниң сыйыспайтуғынын сезген Нуртайша әсте-ақырын Әмиўдәрьяны жағалап жоқары, өрге қарай жылжып кете берди.

«Жаманның аяғы сегиз» дегендей, өрлеп кетип, тилеклес, дос елатлардың арасына от таслап, бизлер таманға қарай жаў ләшкерлерин жиберипти.

Қурыштай беккем, қырандай қырағы болып, ҳәр дайым исине тайын Анахитаның ләшкерлерин көрген жаў, табанда турып қалды да, өз патшасының буйрығын айтты.

— Айдай Анахита перийзат! Сениң даңқың дүньяға жайылғалы ханымыз сизиң жолыңызда ашығыў-бийқарар екенин билдирип, нешше сапар жаўшы жибердик. Анахита, сизден жуўап болмады. Ханымыздың сөзине итибар да бермедиңиз. Енди сабыр-тақаты таўысылған патша ийемиздиң пәрманы бойынша Анахита өз ерки менен қайылшылық билдирмесе, ел-журтына суў бермей Әмиўдәрьяның сағасынан байлап таслайтуғынын билдиреди. Ал Анахита болса, бул гәпти еситип, арыў жүзи қабарып, өзиниң қас душпанына өлмей кеўил бермеслигин аңлатып, муңлы ҳалатта халқына қарады. Садаған кетейин халық деген жарықлықтың қудиретине шек келтирип бола ма? Айғырдай киснесип, арысландай ақырып, қойдай маңырасқанын көрип, Анахита еңсесин көтерди.

— Әй, қас душпанымның жәллатлары! Патшаңа айтып барың! Мен ел-халқымның қулыман. Ҳасыл топырағынан жаралған гиясыман. Туқым-теберигим ата мәканыма шашылғай,—деди. Гәп мәнисине ой жуўыртып аңырайып қалған жаў жәллатларына қарап халық жаў-жарағы менен топылып:

— Өлмей Анахитаны жаўымызға бермеймиз!—деп бақырысты. Халық қәҳәринен зәрреси қалмаған жоллатлар арқасына қарай қашып зым ғайып болды. Бирақ жаўдың айтып кеткен суўық хабары Анахитаны тәшўишке салды. Оның жүрек туйғыларын түсинген журт жанындай жақсы көрип сүйер еди. Оның өз ығбалын таўып, мақсет-мурадына жетиўине тилеклес еди. Сонлықтан да, халқы бир аўыздан ант ишип, шөл азабынан өлсе де, Анахитаны жаўына бермеўге қарар етти. Қастын тиккен душпан өз елиниң халқын қойдай айдап, барлық әскерлерине дәрьяны тас етип бөгеўге буйрық берди. Сағасынан тас болып бөгелген дәрья ҳәп заматта кесилип қалды. Ел-журтты шөлистанлық қаплады. Жер бетиндеги өскен гия, дарақлар суўсызлықтан қуўрап шөгиртпекке айланса, ушқан құс, жуўырған аңның ҳәммеси суў излеп бул мәканнан аўып кетти. Шыжғырған күнниң ыссысынан кепкен жер қақ-қақ бөлинип айырылды. Адамлардың тили аўзына сыймай, дымары кетип, қойдай ыңырсыйды. Ал бизлер төртеўимиз де Анахита менен бирге өлиўди мақсет етип, шөлден тобарсыған еринлеримиз қақ-қақ жарылып кеткенине қарамастан шөлге бәрдам берип, әтирапымызға нәзер аўдарамыз.

— Суў—ў?—деп гүңиренеди адамлар.

— Суў—ў?—деп сыңсыйды ҳаяллар.

— Суў—ў?—деп, шырлайды балалар. Балалардың шырлап жылаған ашшы даўыслары пүткил әлемди титирентип жибергендей сезилди. Ал, ғарғалар лашымызды тартыўға ғақылдасып, төбемизден уша баслады. Инсан басындағы қыйын пайытларын күткен ҳәм оннан пайдаланып қалыўға урынатуғын мениң қас душпаным Нуртайша тағы да пайда болды. Ол қуйрығын олайбулай былғаңлатқан жуўҳа түлкилердей ҳәр муқамға дөнип, ел-халықты өзине қаратпақшы болып, муңайымсып сөйлей баслады.

— Әй, халайық, мен сизлерди аямайман. Айтқан лебизиңизден қайтың! Анахита сизлерди шөлден қырып өзи патша менен дәўран сүрмекши. Сизлерди аямаған бир «саллақы» ушын өлип кете бересизлер ме? Мен сизлердиң қаныңызға қан алыў ушын, Анахитадан өш алыў ушын келдим.Оны есигиме шоры етип қойыўға қарар еткенмен,—деди.

Димары кетсе де еле есинен айырылмаған халық бул гәплерди тик турып еситти. Ол ўақытлары еринлери кеўип тили аўзына сыймай Анахита кирпиклерин зорға қағып, еки көзинен жасы парлап ағып турар еди. Мен қақ-қақ айырылған еринимниң қанларына таңлайымды шылып алдымда тилге келип, бар күшим менен жер таянып бақырдым:

— Исенбеңлер! Ол өлик излеген қузғын менен бирдей, қара бет! Сизлерди азғырып Анахитаны қолға түсирмекши. Өлмей Анахитаның ар-намысын аяқ асты еттирмеймен!—деп оны қорғашалап, үстине бойымды аттым. Ернимнен сорғалаған қан тамшыларын аўзына тамызып, оны да аяғына турғыздым. Қара бет қас душпаным мениң өңменимнен теўип жиберди де, және Анахитаны азғыра баслады.

— Гүлистан менен сөйлес пе? Оған мен турғанда атақ-абырай жоқ. Егер мениң айтқаныма көнсең суўға қандырып, тирилтип аламан. Қәлесең аўқамымызға ағза етемен. Аяғыңнан сүйип, табаныңды жалайман,—деп бир сарқум суўды усына бергени, Анахита оның бетине суўын шашып жиберди де, өзи қорғаннан шығып, жаў таманға қарай әсте-ақырын кете берди. Оны бул бағдарынан қайтарыўға бир адамның да батылы бармады. Мен қас душпанымның тепкисинен есимнен танып қалғанлықтан қайта өзиме келсем, жер-жәҳәнди суў қаплап ағып киятыр. Еринлери суўға тийген халық есин жыйып, Анахитасын излемеди де. Бизлер нәўпир суўдан басын алмай, мийрин қандырып шапқыласып жүрген балаларға сүйсине қарасақ, ал

аналары перзентлериниң тирилигин көрип қудайға мың қәтле шукираналығын айтып, кеўиллерин жәмлер еди. Ҳәммениң қуўаныштан жүреклери қақ айрыла жазлап, дәрьяға бойларын атып, рәҳәтке батқанынан Анахитасын пүткиллей умытқан еди.

Ал Анахитаның өз аяғы менен келгенин көрген патша, дәрьяның бөгетин алдырып, той әнжамына киристи. Анахитаның тилеги бойынша барлық әскерди шарапқа қандырып, қазна мүлкин пухараларға үлестирип бериўди уйғарды.Өз елатының мақсет-муратына жетиўин ойлаған Анахитаның душпанларына да ашық қоллы болғанына сүйсингенинен халық оны тәрийплеп нешше түрли әпсанаға айландырды. Анахита өз ойын иске асырып:

Ел-халқымның қуўанышын өз көзим менен бир көрейин деп, бәлент таўдың шоққысына шығып турды да, туўған жерге тоймай тебирениўи менен қайнаўытлап тасып, мәўжирип толқыған дәрьяға қарай бойын атты. Анахитаны аман алып қаламан деген мәс ҳалындағы барлық әскерлер де бирим-бирим оның изинен дәрьяға бойларын ата берди. Көп узамай дәрья бетин қап-қара өликлер қаплап кетти. Шөлиркеп қалған халық суўдан басын көтергени мәттал, дәрья ортасындағы пәтли ағыс пенен айдай арыў Анахитасы ақ қуўдай ығып баратыр еди.

— Анахита—а-а-а!—деп жуўырысты халық.

— Анахита— а-а-а!

— Анахита—а-а-а!

Сонша жуўырысып бақырғанларының пайдасы болмады. Дәрьяның пәтли ағысы Анахитаның ақ көйлегин желқомдай желбиретип, денесин келмеске ықтырып алып кетти. Ел-журтының өмирин сақлап, өзин қурбан еткен, ар-намысы пәк, нәрестедей ҳадал патша қызы Анахитаның руўхын тиклеў ушын барлық ҳаял-қызлар оның көйлегиндей ақ көйлек кийип матам тутты. Ал ерлер болса, сол күннен баслап Анахитаны суўдың пи-

ри деп атайтуғын болды. Соннан берли Анахитасын сағынған адамлар дәрьясына бас ийип келип, оның руўхына дуўа етип, қайтарында, «Хош бол, Анахита» деп қайтады екен.

Адамлардың түси де қыялынан асып кетпесе керек. Түс те өмир шынлығына усайды. Оны ҳәр дайым жақсылыққа жорыйтуғынлығымыз да соннан шығар. Мен де бул түсимди қуўана-қуўана ертеңине жолдасларыма айтып бердим. Бизлер минген «Тайота» машинасы Елликқала районының орайына келип тоқтады.

Қолларына нан, дуз алып шыққан жергиликли халықтың ҳаял-қызларының арасындағы ақ көйлек, ақ шалғышлы келиншек ҳәммемиздиң дыққатымызды өзине тартты. Оның суп-сулыў тулғасына шақлап тигилген ақ көйлегиниң жарасып турыўы, арыў шырайына және де көрик берип турар еди. Бизлер бир-биримизге қарап, ойларымызды айтпай-ақ уғыссақ та ,мен олардан бурын шаққанлық етип:

— Бизиң әпсанаўий Анахитамызға жүдә усайды екен дегенимде, Жолдасбек:

— Мен айтыўға қысынып тур едим,—дейди. Ал Абилқасым:

— Бизлердиң қыялымыздағыдай екен,—деп сөзимизди мақуллады. Өзге журтты умытып, ойымыз сол ақ көйлекли арыў қыз туўралы болып, бастан аяғына қарап қалған бизлерден қысынғанынан ол сәл мыйық тартты да, нәзерин төмен алып, бурылып турды. Жолдасбек болса оның тула-бедененен көзин алар емес. Әллен ўақытта және ол бизлерге қарап:

— Мен излеген реңимди таптым, оның ким болғанына қарамастан, Анахита деп тән алдым,—деди. Оның бул сөзине таңланып ҳәм гәптиң төркинине түсинбеген район басшыларының бири:

— Ол ҳаялға ҳәзиллесип бирер нәрсе демеңиз? Туўысқан қәйнисиниң азасында жүр,—деди. Бизлердиң

есимизге суў периси Анахитаға ақ рең кийип, аза тутқан халықтың ески дәстүри түсти.

Дүнья жаралғанлы бери адамлардың өнип-өсиўин раўажландырып, тухымының жайылыўы менен ғана шекленип қалмастан, ой-өрисимизди, уқыбымызды, әдеп-икрамлылықтың нешше формаларын, жақсы дәстүрлерди жалғастырып киятырған периштедей сулыў ҳәм жаны таза ҳаял-қызларымыздың ақыл-ойына миннетдар едик.

Бизлер машинамызға минип жүрер ўақтымызда да сол ақ көйлекли арыў келиншек көпшилик пенен бирге қол былғап хошласты. Машинаның айнасынан басларымызды шығарып, оған қолларымыздағы гүллеримизди усынып:

— Хош бол, Анахита!—деп жүрип кеттик.

## ЭХ, МУҲАББАТ!... МУҲАББАТ!...

*(Жаслар менен сәўбет)*

Нөкис Мәмлекетлик университетиниң математика факультетиниң студентлери менен белгили илимпазлар, көрнекли жазыўшылар, урыс ҳәм мийнет ветеранлары, өмирде көп тәжирийбеге ийе ҳәр қыйлы кәсиптиң маманлары, көп балалы ата-аналардың ушырасыўы болып, «Муҳаббат, семья, турмыс ҳәм жаңа дәстүрлер» деген темада сораў-жуўап кешеси өткерилди.

Студентлер тәрепинен 300 ге жуўық сораў түсип, ушырасыўға келген тәжирийбели қәнигелер тәрепинен жуўап қайтарылды. Көрнекли апаларымыз бенен ағаларымыздың муҳаббат, семья, турмыс ҳәм жаңа дәстүрлер ҳаққындағы толып атырған тәжирийбелерин мысаллар менен ортаға салып, жасларға айтқан ақыл-кеңеслерине бәримиздиң де жүрегимиз тасып-толып, өмирден өзимизге азық алғандай болдық. Ал, сауал-

лардың ишинен мениң шегиме түскенлерине қысқаша жуўабым төмендегише болды.

Сораў:—Муҳаббат дегенди қалай түсинесиз? Муҳаббат бар ма?

Жуўап:—Муҳаббатсыз өмир—мәниссиз. Муҳаббатсыз адам—қуры сүлдер.

Сораў:—Муҳаббаттың семьядағы ҳәм турмыстағы орны?

Жуўап:—Муҳаббат бар жерде гүллениў, раўажланыў, гөззаллық бар.

Сораў:—Ҳақыйқат муҳаббатты жалған муҳаббаттан қалай айырыўға болады?

Жуўап:—Шын муҳаббат жанының жалыны. Оның шын ямаса жалғанын сөзинен айырмасаң да, өзинен байқаўға болады.

Сораў:—Муҳаббат семья қурыўдағы тосқынлықларды жеңе ала ма?

Жуўап:—Муҳаббатты бийиктен атлығып аққан булаққа мегзетемен, себеби: бар дәрманы менен сайсалаға сарқырап қулаған таў булақларындай үлкен арнаға айналып, алдында қандай тосқынлықлар болмасын, зор айбат, епкин менен дәрья, теңизлерге жетиўге асыққанындай, онда қүдирет, күш бар. Оған ҳәр қандай күш пенен тосқынлық төтепки бере алмайды.

Сораў:—Муҳаббат неден басланады?

Жуўап:—Муҳаббатты мынадай себептен басланады деў қыйын. Биреўге ерте, биреўге кеш, биреўге әпиўайы нәрседен-ақ биреўлерге таң қаларлық ҳәрекетинен, тағы биреўлерде ойламаған жерде, бир көриўден-ақ басланыўы мүмкин. Базда еликтиргиш күш, ҳийле, ҳәрекет пенен де муҳаббатты оятыў мүмкин.

Сораў:—Муҳаббаттың гөззаллығы неде?

Жуўап:—Пәклигинде. Ҳадаллығында.

Сораў:—Қыз жигитти сүйип қалса не ислеўи керек?

Жуўап:—Қыз қылығы, назы менен жигиттиң көзине түсип, иштен тәме етиўи мүмкин.

Сораў:—Қыз муҳаббатынан жигит муҳаббатының өзгешелиги бар ма?

Жуўап:—Өзгешелиги—сүйиў, сүймеўи менен парықланады. Болмаса, екеўи де бирдей.

Сораў:—Турақсыз муҳаббат қалай пайда болады? Не себептен?

Жуўап:—Турақсызлық алданыўдан, исенбеўден, көрсе қызар, нәпсиқаўлықтан болады.

Сораў:—Сулыўда муҳаббат болмайды дейди? Не ушын?

Жуўап:—Мүмкин емес. Сулыўға талабан көп, сонлықтан ҳәммеге солай көриниўи мүмкин.

Сораў:—Бир жигит еки қызды сүйиўи мүмкин бе? Ямаса бир қыз еки жигитти сүйиўи мүмкин бе?

Жуўап:—Екеўин унатыўы мүмкин, ал бирақ, сонның тек биреўи жан-тәни менен жүрекке орнығып, жайғасыўы мумкин.

Сораў:—Қыз жигитти сүйип, ал жигит сүймей қосылса турмысы қалай болады?

Жуўап:— Ҳәр қандай сүйген жан өз мақсетине жетиўди гөзлейди. Бирақ, турмыста сүймеген адам менен бирге жасаўдан қыйын, бийшаралық жоқ шығар.

Сораў:—Үйленип болғаннан соң, ҳаялы басқа жигитти сүйип қалса, жигит не ислеўи керек?

Жуўап: Егер олардың муҳаббаты шын болса, тәғдириңе тән берип, жан жарақатынан жазылыўға ҳәрекет ет.

Сораў:—Бир қызды жақсы көремен, ол маған қарамайды, қалай оң жағына шығаман?

Жуўап:—Қыз жүрегиниң түпкирине сер сал. Оның муҳаббатын өзге тутантқан болса, сениң қай жағына шығыўың да пайдасыз.

Сорау̌:—Гей бир қызлар байлыққа қызады. Муҳаббат сатыла ма?

Жуу̌ап:—«Муҳаббат бай, жарлыға қарамайды, Шын ашық бирин-бири алдамайды». (Халық нақылы).

Сорау̌:—Жигиттиң жақсы, жаманын қалай айырыу̌ға болады?

Жуу̌ап:—Өзиң унатқан жигит ҳәммеден артық көринеди. Бирақ, ҳә дегенде оның ырқына көнбей, өзиңе беккем бол. Зейинли қызлар жигиттиң жүрис-турысы менен сөзинен-ақ ким екенлигин байқайды. Қысқасы тәрезиңе сал.

Сорау̌:—Қартайған адамларда да муҳаббат бола бере ме?

Жуу̌ап:—Муҳаббат жас таңламайды. Бирақ үлкенлер жаслардай албырт, қызба емес, қол жетпес жерге умтылмай-ақ ақыл-парасат пенен өз муҳаббатын қәстерлей алады.

Сорау̌:—Адам өмиринде муҳаббат неше мәртебе гезлеседи?

Жуу̌ап:—Ең ҳақыйқый, ең ҳасылы туңғыш муҳаббат.

Сорау̌:—Дослық, жолдаслық муҳаббаттың өз-ара қандай айырмасы бар?

Жуу̌ап:—Әлбетте, дослық муҳаббат пенен ышқы муҳаббаты арасында айырма бар. Сондай-ақ, және инсанда анаға, у̌атанға муҳаббат та болады.

Сорау̌:—Семья қандай өзгешелиги менен жәмийетке үлги бола алады?

Жуу̌ап:—Ау̌ызбиршилиги, бир-биреу̌ге мийирманшылығы менен адамгершиликтиң уллы қәсийетлерине ийе болыу̌ынан, талапшаңлығынан.

Сорау̌:—«Үйлениу̌ аңсат, үй болыу̌ қыйын» деген халық сөзин қалай түсинесиз?

Жуу̌ап:—Еки кеу̌ил бир болған менен, өмир қурамалы нәрсе. Сабыртақат, шыдамлылық, қанаат, мийрим-шәпәәт, искерлик, улыу̌ма, өмирге қуштарлық



10759
228354
ККАССР
Республикалық хотекар
библиотека

еки адамда теңдей жәмленбесе, үй болыў қыйын.

Сораў:—Ата-ананың семьяда тутқан орны қандай болыўы керек?

Жуўап:—Дәслеп ата-ананың өз-ара ҳүрмети, соң перзентлерин теңдей көз-қарас, мийирманлығы, талапшаңлығы, перзентлерининң кеўил-күйине азарсыз, итибар менен қараўы, семьяда ата-ананың тутқан орнын күшейтеди.

Сораў:—Бахытлы семья қандай болыўы керек?

Жуўап:—Семья басшыларының ҳадал муҳаббаты, бир-бирине ҳүрмет-иззети, өмирге теңдей көз-қарасы, мақсет-мурадының бирдейлиги, семьяны бахытлы етеди.

Сораў;—Семьяға ким басшылық етиўи керек?

Жуўап:—Семья басшысы ер адам. Оны барлық семья ағзаларына ҳүрметли, сыйлы етип көрсетиў ҳаялға байланыслы.

Сораў:—Гейбир ата-аналар ул, қыз деп перзентин айырып қарайды. Оған сиз қалай қарайсыз?

Жуўап:—Перзенттиң бәри бирдей. Екеўининң де бахытлы болыўын тилейсең. Бирақ, қыз өзге үйдиң отын жағып кететуғын болған соң, оның уқыплы, жат-журтта жағымлы минез-қулыққа ийе болыўы ушын көбирек итибарлық пенен талап күшли қойылыўы мүмкин. Көп жумысқа араластырылып, тәжирийбесин арттырыўға умтылыўды ҳәр перзент ҳәр қыйлы түсиниўи мүмкин.

Сораў:—Ата-анасының қәлеўи менен жаслар семья қура алама?

Жуўап:—Мүмкин. Егер қыз бенен жигиттиң муҳаббатына басқа ҳеш ким түртки болмаған болса, тағы екеўининң жулдызы сәйкес келсе.

Сораў:—Еки жас қәлеўи менен семья қурса, ал қыздың әкеси қарсы болып, жаңа семья менен қатнасық болмаса не ислейди?

Ж у ў а п:—Тек үлгили семья болыўға умтылыў керек. «Жақсының жаты болмайды».

С о р а ў: - Бир-бирин сүйип қосылған жаслардың да семьясы бузылады. Оның себеби неде?

Ж у ў а п:—Бирин-бири кем түсиниўден.

С о р а ў:—«Қалың мал», «қуўғыншы» мәселесине қалай қарайсыз? Оны сапластырыў ушын не ислеў керек?

Ж у ў а п:—Дәслеп өзиң қарсы бол, соң өзгеге қарсы тыйым сал.

С о р а ў:—Қыз алып қашыў мәселесине қалай қарайсыз? Оның ақыбети қалай болады?

Ж у ў а п:— Өз қәлеўи менен қашқан қызға илаж жоқ. Басқыншылық инсанға жараспайды. Бундай жол менен бахытлы болыў қыйын.

С о р а ў:—Ески ҳәм жаңа дәстүрлер туўралы қандай пикирлер айтасыз?

Ж у ў а п:—Адам өмирине пайдасыз, түсиниксиз, зыянға қалдыратуғын дәстүр, ырымларды жек көремен. Мысалы, тойларда түйиншик сораў, жийен табақ, кепкир күйди, көримлик қусаған майда дәстүрлердиң кереги жоқ. Үйлениў тойларының ескиси утымлырақ. Көп ысырапшылыққа жол қоятуғын дәстүрлерден аўлақ болған мақул.

С о р а ў:—Үйлениў тойларының ҳәм де басқа тойлардың қалай өткенин қәлейсиз? Тойларда сезген қәте-кемшиликлериңизден айтып берсеңиз?

Ж у ў а п:—Қандай той болса да адамлар бир ўақытта, бир стол, дәстурхан басында жәм болып өткергенди қәлер едим. Усылай өткерилген тойда шығын аз болады. Той да өкпесиз өтеди. Ең бир жан ашырлық кемшилигимиз «Қыз алып қашыў», «қалың мал», тағы да тойға көп ақша әкелген адамларды айрықша өз алдына үй белгилеп, «қонақ асы» бериў адамларда наразылық туўдырады.

Студент жаслар тәрепинен берилген сораўлардың ишинде бир қыз мынадай сораў жазыпты.

— Мен бир жигитти сүйемен, ол еки мәртебе өкпесинен операция болды. Ден саўлығының төменлигинен жумысқа жарамсыз, оқыўға түсиў нийети бар, бирақ конкурстан өте алмады. Ата-анам оған турмысқа шығыўға руқсат етпейди. Жумыста, я оқыўда жоқ, денсаўлығы нашар адам деп кемситеди. Ата-анамның сөзлери жүрегиме ийнедей қадалады. Ол жигит қалай болса да, оның менен бирге болғым келеди. Ата-анамның руқсатына қарасам, сүйген жигитимнен айра түсиўим керек. Мен қалай қылғанда өз мақсетиме ерисиўим мүмкин,—деп жазыпты.

Бул сораў бизлердиң қолларымыздан бирме-бир өтип, толғанысқа салды. Бир-биреўге қарап қалған үнсизликке ыңғайсызланған арамыздағы тәжирийбели врач Гүлпара орнынан өрре турып, бул сораўға мен жуўап беремен деп минберге шықты.

«Қызым, сиз сүйген жигитиңиз бенен турмыс қура бериңиз. Сизиң сүйиспеншилигиңиз ол аўырыў жигитти наўқасынан пүткиллей айықтырып жиберер. Ата-ананың руқсатына қарайман деп муҳаббатыңнан айырылып қалма»,—деп өз пикирин кесип айтты. Залдағы студент жаслар бул пикирди қуўатлағаны соншелли, дүрликкен қол шапнатлаўлар бирнеше ўақытқа шекем қайталанып турды.

Бул сораў-жуўап кешесиниң өткенине әлле қашан болса да, қыздың жазған сораўына бир аўыз сөз бенен жуўап бериўдиң өзи жеткиликсиз-аў деген ойлардан арыла алмадым. Бул сораўдың төркининде қыздың санасына жеткерип, қуятуғын қаншама ақыл-кеңестиң зәрүрлигин еслесем, турмыстың соншама аўырманлығы менен қысыныспасына төтепки беретуғын күш-жигер, үлкен адамгершиликтиң ең ҳасыл қәсийети менен суўғарылған инсан ғана дийдилеген мақсет-мурадына жете алатуғынын көз алдыма келтире беремен. Қыздың

басына жүкленейин деп отырған ўазыйпа тек ғана сүйген жигитине қосылып, аўырыў жанның кеўлин алыў ғана емес ал, сол семьяның барлық аўырманлығын да мойнына алыў, парыз болып есапланады. Турмыс қурып, өмир сүрер ҳәр бир инсанның басында қәўип пенен қәтер, сәтсизлик жағдайлар гезлеспейтуғын жери жоқ. Олардың ҳәммесин жеңиўде илгир зейин, уқып, тәжирийбени турмыс талап етеди. Сонда мениң ойыма бир сораў келип турды да: «сениң ол жигит пенен турмыс қурыўға таярлығың қалай?» демекши едим, бирақ натықлық етип үндемей қалдым. Бирақ, ойыма келген бул сораўға өзимше жуўап излеп, өмирден көрген-билгенлеримди ол қызға айтып бергим келер еди. Егер мениң сөзимди тыңлар болса, оған ҳә дегенде тилимниң астында турған айтажақ қаҳарманым—қырқ жыл қол усласып, бирге жүрген, сырласдостымның өмирин мысал етпекши едим. Себеби, оның турмыс қурыўдағы басына түскен жағдай тап әне усындай еди. Сүйген жигитине қосыла алмай қәдимги дәстанлардағыдай ашықлардай жети жыл бир-бирин күтти. Ел басқарған абырайлы әкениң ойы, айдай қызын аўырыў жигитке миясар көрмес еди. Ал қызының ақылойы, жан-тәни сол жигит болып, байланып қалғанын сезгиси келмеген әке, ақыры қызының қашып кеткенин бир-ақ билди. Жигиттиң келешеги барлығынан хабардар, ишки дүньясын түсинген қыз, оның бахты болыўға, қостары болыўға тырысты. Өзи сүйген жигитке опадар яр болып қалмастан, жан серигги болып, қаншама турмыслық қәўип-қәтерлерден аман сақлап, атын әлемге жайып, даңқын көклерге көтергиси келди. Ойындағыдай. татыў турмыс қурып, елимизге белгили хожалық болды. Ондай семьядан тәрбия алған перзентлер де ата-ананың мақтанышы болғандай минез-қулқы менен танылып, елге керекли азаматлар болып жетилисип киятыр.

Айтайын дегеним, инсан мийрими қуяштан да ыссы, қәҳәри ысырапылдан да қатты. Сондай қудиретке ийе бола тура, кеўли гүлден нәзик. Сол нәзик кеўилди тек ғана адам кеўили өсирип, раўажландырыўы мүмкин. Сонлықтан да, ата-баба «қалған кеўил—шыққан жан менен бирдей»—дейди. Бул сөздиң мәнисинде қандай даналық пикир жатыр. Дүньяда адам кеўлин қалдырыўдан асқан қыянет болмаса керек, деп ойлайман. Өмирде жақсы адамлар менен сөйлесип, оннан пайда көрмей-ақ, қуры пейлине, кеўлиниң кеңшилигинен төбең көкке жеткендей болса, ал не бир ата бийзарлардың өтирик, жаласынан жети насырың бүгилип, жалғаншыға шыққаныңа пушайман жейтуғын гезлериң де болады. Инсан дүньяға келип, адам атын көтерген соң, соған ылайық, жақсылыққа жақын болғанға не жетсин. Бирақ, жаманлар да өмирде азымшық емес-аў, солардың салдарынан жүрегимиз жаралы. Олар өзлериниң турпайы ҳәрекети менен жақсылардың нәзик кеўлине ҳазар бериўден ҳеш қандай тайынбайды. Әлбетте, ондай нийети бузықлар арамызда араласып жүр. Бирақ, жақсы адамлардың көплиги себепли, өмиримиздиң раўшан екенин умытпаўымыз керек. «Жақсыдан—шарапат, жаманнан—кәсапат» деген халқымыздың даналық сөзи бар. Жаманлар ҳәр қашан, биреўге биз, биреўге пышақ берип, адамлар арасында ала аўызлық туўдырып отырса, ал жақсылар арасындағы аўыз биршиликти, мийирманлықты, үлкен адамгершиликти мудамы елге мақтаныш етип айтқым келеди.

Биз ҳаяллардың қанына сиңип кеткен ҳасыл қәсийет өзи сүйген ер азаматлардың соңына ерген соң, оны өзлерине пир тутып, ҳәр қашан олардың шығар шоққысының бәлент болғанын гөзлейди. Ер азаматының ар-намысын көзиниң қарашығындай қорғап оның жолына өмирин арнайды. Ҳаялдың бундай әдиўли қәсийетин билген ер азамат ғана, оның қәдирине жете алады. **Ҳаяллардың ери ушын таўдай аўырманшылықлар-**

ды көтерип, қаншама қыйыншылықларға төтепки берип, бахытқа ерисетуғынын билемиз. Ондай ҳаяллардын дүньяда ҳеш баҳасы жоқ десек арзыйды. Соның ушын да, әңгимемниң арқаўы ҳаяллар. Ҳаяллардың аўыр тәғдирин, қайғы-ҳәсиретин айтып, муңын муңласқым келеди. Дәртлерин, дәртлеским келеди. Бирақ, ҳаяллардың ҳәркимге сыр шаша бермейтуғын жағы тағы бар ғой. Неге екенин қәйдем, усы бир көрген келиншектиң жүзиндеги муңлы тәшўиш мени өзине жақын тартар еди. Оның менен Ташкент аэровокзалында самолет күтип, бир отырғышта бирге отырып, таныстым. Аты Айзада, Нөкис районының «Өрнек» колхозында муғаллим болып ислейди екен. Қундақлаўлы жас баласы шырлап, жылағанда қолда-аяқта турмай ҳәммениң тынышын алды. Ол ерсили-қарсылы жүрип, жубатпақшы болады. Бирақ, нәресте жубанар емес. Анасының аўзына басқан көкирегин ғабыр-ғубыр бир аймалайды да, тағы шырлағаны, шырлаған. Бир самолет толатуғын қарақалпақстанлы адамлар ҳаўа райына байланыслы уша алмай бир суткадан берли әбигери шығып жүргенлери аздай, нәрестесин шырқыратып жүрген ҳаялдың да ҳешкимге жағып турмағаны аттан анық аян бола баслады. Биреўлер: Қыстың қыраўлы күнинде жас нәрестеси менен неси бар екен десе, тағы биреўлер:—Иши қызған жаслар кеўли ушып, қыдыраман деп, қолындағы нәрестесинен айрылып қалмаса болғаны-ғой. Бала аўырып турған шығар, деп аяўшылық билдирип атырғанларға бир семиз қара киси сөзге араласып:—Ҳаялларға ҳайранман, жетегинде бес жасар баласы, изиндегиси, қундақтағысы және бар. Бир үйде төрт адам бирден қыдырып, қудайдың мәркин жейме десең-ә, биз-ғой командировка болып, илажсыз жүрмиз.

Аўа, сырттан пишкен тон, шақ келмейди. Адамлар сыртынан не демейди. Семиз қараның тамағын қырып

айтқан гәпин ҳеш ким де жөплемей, ҳәр ким өз ойларын ишине түйип үнсиз отырысты.

Ал, нәрестесиниң тынышы кетип, жылағанынан әбигер-сарсаңға түсип, адамлардан қысынып-қымырылып, өзин шеткери алған келиншектиң жанына жақынладым. «Мал мөңиресип, адам тиллесип», бир-биреўге жақын, қәдирдан болады. Оның менен сөйлесип, соң қәдирдан кисилердей хошластым.

Тәғдирдиң аўырманлығы түсип, еки жолдың ортасында сандалап жанын отқа жағып жүрген келиншектиң аса адамгершиликке толы мийрим-шәпәәтлилиги жүрегимди елжиретпей қоймады.

Айзада Ташкентке жай қыдырыспаға ямаса қалтасына пулы сыймағанлықтан барған жоқ еди. Ол түрмеде жатырған күйеўиниң изинен барып, азық-аўқатын берип, жақында ғана әскерий хызметин өтеп келген қәйнисин, балаларын көрсетип, қасында үш күн болғанына тәўир-ақ кеўлин жәмлеп қайтты. «Үйдеги саўданы қаладағы нырқ бузады» дегендей, қасахана самолеттың ушпаўына қара. Бир көтерилген самолетымызды Нөкис қабыл етпей Бухараға қоныўға мәжбүр болдық.

Бухара аэропортында самолеттан түсиўден асханаға жүўырысқан адамлардан қалып, бир мүйеште шетлеп турған оларға мирәт етип, аўқатланып келиўге шақырдым. Оның ыңғайсызланып «бара бериңиз, бизлер соңырақ» деп гибиртикленип қалғанынан бир нәрсени сездим де «жүриңиз, бирге аўқатланамыз, кешеден берли сизлерди бир аўқатландырайын деген нийетим бар еди, сирә ирети келмеди. Балаңыз жылап тынышың кетти»,—деп жетектеги баласының қолынан тарттым.

Бизлер аўқатланып болғаннан кейин ол маған:

— Апа, дүньяда сиздей киши пейил адамлардың барына қудайға мың қәтле шүкир, бизлерге де мийрим-шәпәәт пенен кеўлимизди алып, жүзимизге күлип қарап, адамгершилик еткениңизге рахмет. Еки күннен

берли нәр татқан емеспен, азын-аўлақ пулымыз бар еди, оны ана еки балаға еплеп жегизип, өзим үйге барғанша аштан өлмеспен деп киятырғаным қурысын, аўқат жемеген соң сүт те қапылып, қундақтағы нәрестениң жарымай, аштан зар қақсап киятырғаны да сол. Жақсылығыңыз алладан қайтсын, өлмей бизлер де халық қатары болып, жетисетуғын күн болар мекен, билмедим. Егер жетисип кетсем, жақсылығыңызды қайтарарман,—деди. Үшеўимиздиң жеген аўқатымыз он сомға да жетпеди, оны әллеқандай етип, мени үлкен ис тыңдырып таслағандай, мәртебемди көтерип алғыс айтып атырғанына ишимнен қысынсам да, шын кеўли менен басынан кешкен өмир саўдасын ақтарылып айтқан сайын берилип тыңлай бердим.

Нөкистеги Techинститутты питкерген жылым, жолда машина күтип турып, оның машинасына минип, танысқан едим. Ол армияда әскерий хызметин атқарып келип, шофер болып ислеп атыр екен. Мениң де муғаллим болып жаңа жумысты баслаған күнлерим еди. Бирбиримизди сүйип қалдық. Арадан бираз ўақыт өткерип, ол жигитке кеўлимниң барын үй-ишиме айтсам, қарсы болды. «Оқымаған, теңиң емес» деген сылтаў тапты. Көп ойланып анам менен келистим де қашып кеттим. Турмыс қурдық. Ата-енемде жақсы адамлар екен. Бирақ, көп узамай енем қайтыс болды. Бул үйдеги сегиз перзенттиң бәри де ул балалар, ал қәйин атам менен тоғыз болып, бәриниң тәрбиясы мениң мойныма қалды. Атам не деген менен, үлкен адам-ғой, билмегенимди үйретип жол-жоба көрсетип отырған соң, үйдеги қазан табақты, барлық жумысты меңгерип кеттим. Арадан жыл өткен соң ул перзент көрдим. Үйимиз бенен де қатнасып кеттик. Күйеўимиз бенен екеўимиздиң қуўанышымызда шек жоқ еди. Бирақ, қуўанышымыз узаққа бармай, тәғдир бизиң басымызға өз ылайсаңын салды. Күйеўим машинасын авария етти. Бәринен де қайғылы ҳәдийсе ол соқлығысқан машинадағы

ерли-зайыплылар қайтыс болған. Мениң күйеўимниң машинасы еки бөлинип қалса да, оған ҳеш нәрсе болмай тири қалды. Биз оның тири қалғанына шүкирлик еттик. Бирақ қайтыс болған адамлардың семьясына барып, туўған-туўысқанларынан кеширим сорап, айыбын мойынлап, қандай жазаны ылайық көрсе де қайыл екенлигимизди билдирдик. Орны толмайтуғын өкиниш. Бирақ күтилмеген ҳәдийсе, билқастан емес, ойда жоқтағы, еки жақтан бирдей кеткен қәтелик. Бирақ қайтыс болған адамлардың туўған-туўысқанлары ҳеш кеширим бермеди.

— Ол неге тири қалады? Қастыяншылық пенен өлтирилген. Машинасы күл-талқан болса да, бул қалай аман ақалады? Олар Судта атыў жазасын бересиз деп турып алды.

Күйеўим суд алдында:—адам өлтириў түўе, қумырысқаны өлтириўге де қайылшылығым жоқ еди. Еки жақтан да қәтелик кетти. Ким қылмыс ислесе, өз мойны менен көтереди, өз тәрепимнен кеткен қәтелик ушын, қандай жаза берсеңиз де мен тайынман. Тек билқастан ислемегенимди есапқа алсаңыз болганы деди.

Суд оған 13 жыл қамаў жазасын берди. Күйеўим маған кетер алдында: өзиң бил, мен келемен дегенше, барлық өмириңниң қызықлы ўақтын хор етип өткермеймен десең, бахтыңды сынап көрерсең. Тәғдир бизди бундай саўдаға салар деп ойламаған едим,—деди.

Бул ўақыядан кейин атамның қан басымы тасып, ол да дүньядан өтти. Енди үйдеги жети нәресте мениң қолыма қарап қалды. Ол түрмеде, жасым 25 ке келмей, тәғдирдиң шырмаўығына илинип, бир үйдиң барлық қайғы-ҳәсирети менен аўырманлығы бир басыма түсип қала берди. Жалғыз өзим қай жағына боларымды билмейтуғын ўақларым көп болды. Жаңа жас босанып, өз баламның тәрбиясын қалай бериўди уўайымлап жүргенде, бәри мектеп жасындағы ишемен-жеймен,

кийемен деп турған жас өспиримлер. Қәйинлеримниң тәрбиясы оннан да бетер мийнет. Ал мийнет демекши, бул үйде меннен бөтен мийнет етип, ақша табатуғын ким қалды? Бир мезгил бала оқытсам, бир мезгил совхоздың мийўесин жыйнасыўға бараман. Қулласы, ақша табылғандай жумыстың көзи болса, арсынбай, ўақыт пенен санаспай, умтылып, тапқан-тупқанымды үйдегилердиң аўзына тутаман. Аўысқанын күйеўиме барыўға жол қәрежетке, азығына жыйнайман. Барлық ўақытта жумыстың сәти түсе бермейди. Тек гүзде ғана қосымша ирети болмаса, басқа ўақытлары жалғыз айлық пенен пенсияға қарап отырамыз. Әне, қысқа жип гүрмеўге келмей жүрген пайытларында ағайин-туўғанларға тап сен бир толысып кетип, ортасын шайпалтып жүргендей көринип, усти-басындағы кийген кийиминңниң ҳәммесине аң-таңы шығып қарағанына намысың келеди екен. Сондай қысыныспаға түсип жүрген пайытларымның биринде, бир күни қорлыққа шыдамай анама барып ойластым.

Күйеўим болса-ғой өзи руқсат берип кетти. Хожалығы басшысыз қалған үйдиң барлық аўырманлығын мойныма ала берип, маған не азап. Еле бул азаплар қаншама жыллар даўам етеди,—дегенимде, анам тәселле берип:

— Ер басына ис түскенде аўырманлықты арқаламаған ҳаял, ҳаял ма? Неге халқымыз «қап қолласар қостарың болсын» дейди. Ендиги жағында ығбалыңа қайыл бол. Шым-шырқадай нәрестелердиң маңлайынан сыйпап, кеўлиң қәлеп қосылған қостарыңның талайына жазылғанын теңдей көр. Неше жылда келсе де күт. «Сабыр түби сары алтын, сарғайған жетер муратқа» деген. Ертең қәйинлериңди азамат етип шығарсаң «ана орнына жеңгеси тәрбия етип кәмалға келтирди»—деп көрген-билгенлердиң алғысын аларсаң. Бәри де ер жетип, өз алдына хожалық болып кетер. Сонда бир рууўлы елдиң жасы үлкен анасы сен болып, мақсет-мура-

дыңа жетерсең. Себеби, олардың бәри де баўырындағы баланың туўысқаны, бирин-бири көрмесе сағынады, айырсаң жат болады. Балаң туўысқанларынан жат болмай, баўырман болып өссин десең, үйиңе бар, сен кеткен менен тири бенде тиришилигин етер, бирақ иштеги кек, туўысқанларды қайта жәмлестирмес. Сонлықтан, жыллы орныңды суўытпай ақылымды ал, шырағым,—деп анам үйиме қайтарды.

Сол анам айтқан ақыл менен мақсет-мурадыма жетемен деп, тырмалыў менен бес жылды изиме салдым. Күйеўимниң изинен қатнап жүрип, быйыл тағы да қызлы болдым. Жүгин көтере алмаған, қосып арқалайды дегендей, өмирдиң қаншама ашшысын татқан сайын, дүнья қызық болып, жасаған сайын жасағың келеди. Жасаў ушын қандай қыйын иске де бас тигип турғың келеди. Хә демей бахыт қусым қайта туғырыма қонатуғындай туйылады. Шүкир, қәйинлеримниң үлкенлери қолыма илинип киятыр. Жақында әскерий миннетин өтеп келген қәйнимди совхоз шофер етип алатуғын болды. Қалғанлары да мектеп жасында болғаны менен, үй-руўзыгершилигимизге айланысып, ҳәзир үйди бағып қалған солар.

Ол кеўли толқып кеткендей, омыраўын көтерип, еркин бир нәпес алып, ишиндеги ашшы зәрдениң бәринен арылгандай пешанасы жазылып, әлле нәрселер ойына түсип үнсиз отырды. Соң: мақсет-мурадыңа жетиў деген де узақ сәдде екен, апа. Солай болса да, оны әрманлап, аңсап жасаўдың өзи де бир ғәнийбет екен, —деп сөзин жуўмақлады ол.

Жасы жаңа 25 лерден өтип жүрген, шырайлы келиншектиң сөзин тыңлап, адамгершиликли иси менен мийрим шәпәәти, ыдыраған кеўлимди тасқа қайрап алғандай бояўы бос денемди шыңландырып жибергендей туйылды. Тап өз ошағымның отын өширмей, түтинин түтетип отырған ҳадал келинимдей меҳирлене баўырыма тартып:—Қарағым, бахытың алдында, қудай

мийнетиңди берсин, күйеўиң ошақ басына қуўысқан күни бәри де умыт болады. Шынында да, бахыт пенен ҳүрметтиң ийеси өзиң. «Анаға қарап қыз өсер» деген. Шырағым, анаң ақыллы адам екен. Илайым, нийети жолдасы болсын. Меннен оған дуўай-дуўай сәлем айтқайсаң деп, Нөкис аэропортынан үйине шығарып салдым.

Арадан күнлер өткен сайын, Айзаданы еслесем, анаў көз ушында көринген «Өрнек» колхозындағы үйлердиң биринен ул-қыз өсирген, ҳүрмет-иззетке бөленген кейўаны келиншек «Мен мақсет-мурадыма жетистим» деп, маған қол былғап турғандай сезиледи.

* * *

Бизиң талабымыз журналистлик кәсип болғанлықтан ҳәм радиода ҳаял-қызлар журналын таярлайтуғын болғанлықтан, турмыслық мәселе бойынша толып атырған хат-хабарлар келеди. Айзада өз басындағы турмыс жағдайларын жазбаса да, оның келешекке үмит пенен қараўы, үлкен адамгершилик пенен семья шыршын бузбай, кеўли қәлеген адамға опадарлық, турақлылығын журналда сөз етиўди ойладым да, редакцияның буннан бурынғы тапсырмасын орынлаўға асықтым. Бул хаттың қолыма түскени кашшан, бирақ, түрли сылтаў менен иркип, эфирге жибермей жүрдим. Гәптиң ҳағы, ондай жағдайлар да болады. Редакцияға келген хаттың жәрияланыўына жоқарыдан ямаса бас редактордан талап күшли болмағанда бастырып таслаўға да болатуғын еди. Булай етиўге болмайтуғынының еки себеби бар еди.

Ҳақыйқатында да, барлық таманнан да талап етиў күшли болыў менен дәлиллер соқырға таяқ услатқандай сайма-сай, анық ҳәм семьясы бузылған ҳаялдың өз қолы менен жазылғанын қәйтерсең. Хаттың қысқаша мазмуны—Сабыр деген жигиттиң жасы ортадан өт-

кенде, өз семьясын, бала-шағасын таслап, жас қызға үйленип кеткенлиги менен, оның жынаят ислери қозғалып, иси судқа тапсырылғаны айтылған.

Ҳәр қандай турмыслық мәселелердеги редакциялық мақалалардың дәлиллери қаншама толық болғаны менен, кейин даў болмаў ушын хат ийеси менен гүрриңлесиў шәрт. Бул мәселениң еки себеби бар деўим, екинши таманы, ол семьяның бузылыўына себепши болған қыздың үйи бизиң көшеде турар еди. Әкеси жасы үлкен адам, оның қызлары менен мениң балаларым мектепте бирге оқыйды. Талай мәрте ата-аналар жыйналысында, көшемиздиң той мерекесинде бирге отырысып жүрген адам, ертең бул мақаланы мениң шөлкемлестиргенимди билсе өкпеге қалатуғыным анық. Қаншама бурмалағаның менен ҳақыйқатлықты. жасырыў журналистке тән нәрсе емес. Мени қоңсым кеширер, бәлким кеширмес, мен өз миннетли ўазыйпамды орынлаўға бет алдым. Биз бундай хатларды сораў-жуўап пенен толтырып, гүрриңге айналдырар едик, бирақ, бул сапары сестимди шығармастан хат ийесиниң сөзлерин жазып алдым.

Еңирегенде етеги жасқа толып, тири жанды жоқлаў дегенниң де күйиги өз алдына екен. Оннан қаншама азап-ақыретлер көргенин, қаншама адам қатарына қосаман деп, жанын пидә еткенин, атақ-абырой әперемен деп, ҳүкимет басшыларының оң жағына шығып жүргенлерин айтып келип, ақырында, «семизликти қой көтерер» дегендей мал-дүньясын көтере алмай, семьясын бузып, ҳәдден асқанын баян етти.

— 1966-жылы оның менен жолымыз бир болып, танысып қалған едим,—деп баслады ол сөзин. Бир көриўден-ақ қайырқом болып, иши-баўырыма кирип, бурыннан таныс адамлардай шүйиркелесип қалдық. Сөйлесип отырып, 26 жасқа келсем де еле турмысқа шықпағанымды да, қайда ислейтуғынымды да билип алды.

Биринши көргенде оның үйленген, үйленбегенин де билмедим. Оған итибар да бермеген едим. Арадан бир-еки ай өткен соң, ол мени жумысымнан излеп, тауып алды. Сол келисинде ол өзиниң еле үйленбей жүргенин, менде ойының барлығын билдирди. Бурыннан таныс емес адамға қалай жууап берейин, азар-безер болып, сөзин тыңламадым. Ол қасымнан солай кетти де, соң Ташкенттен хатты қардай боратты. Политехника институтының 4-курсында оқыйтуғын студент, семьясы кәмбағал болғанлықтан еле үйлене алмай жүрген, ҳәм де мени көриуден ашық болып қалғанын айтпайсыз ба? Менсиз оған бул дүньяның ҳеш қызығы жоқлығын айтып, нешше мәртебе хатқа салды. Мынау сол хатлары еди деп бир түйиншик хатлардың ҳәр қайсысын бир услап көрип, сөзин қайта жалғады.

Жасым 26 ға шыққанша бундай болып, күйип-жанып сүйген жигитти ушыратпаған едим. Ямаса өзим де тәуир көрип қалдым ба, қулласы, оның үйиме айттырып келиуин мақул көрдим. Бизге мақул түскен бул жағдайды ата-анам билип, ағайин-тууған еситип, еки елге анықланып, бизлер қосылыу тойымыздың әнжамын көре баслаған уақтымызда, оның политехника институтында оқып атырғаны өтирик болып шығып, төрт жылдан берли түрмеде отырғанлығы ҳәм биз танысқаннан берли ол, дүзге шығып, жүргени мәлим болды. Бул сумлықты еситкен үй-иши турмыс қурмай атырып алдаған адам хожалық болып жарытпас деп, мени оған бермейтуғын болды. Бирақ ол: «Сүйип қалғаным шын. Бул айыбымды жасырмасам, сен мениң менен сөйлеспес едиң. Сени үркитип алмайын деп қорыққанымнан өзимниң түрмеде екенимди жасырдым. Болмаса жүрегим ҳақ, муҳаббатым пәк. Бул дүньяда көрген билгеним тек сен ғана. Ал түрмеге түсиу себебим болса, адам өлтиргеним жоқ, урлық еткеним жоқ, тек сауда тарауында ислеймен деп, абайсызда мойныма пул түсип қалды. Ол бизиң кәсип емес екен. Енди

саўда тараўынан аўлақ жүрип, хожалық боламан. Биз ҳақыйқат татыў семья қурамыз. Арзыўлым, исен мениң сөзиме, азаматлық басым менен аяғына жығылып, ант етемен» деген сөзлерине исендим. Сол жылы оған политехника институтына оқыўға түсесең деп шәрт қойдым. Оқыўға түсиўине барлық жағдай туўғызыўды өз мойныма алып, ақшадан да қәтержам еттим. Солай етип, оны политехника институтына түсиргеннен кейин турмыс қурдық. Бес жыл Ташкентте оқып жоқары мағлыўматқа ийе болды. Ол, сол оқып жүрген күнлерде-ақ, судланғандағы мойнына түскен ақшаларын да өзим төлеп, қутқарып жиберип едим. Оның студентлик дәўиринде еки перзентли болдық. Үй-дәске, ишемен, жеймен, кийемен деген нәрседен мүтәж болып көрмедик. Саўда тараўында басшы орынларда ислеп киятырғаным ушын, тарығыў дегенниң не екенин билмей-ақ гүрлеген хожалық болдық. Оның үстине, ата-анамның жалғыз перзенти болғаным ушын, олардың табысы менен ғамхорлығы да мени өзгелерден бийғәрез етти. Әсиресе, мениң басшылық еткеним, азық-аўқат дүканы болғанлықтан, алдыңа кимлер келмейди. Жасы үлкен, мәртебели ағайлардағы жеңгейлер менен, ҳәмелли апайлар да келип, не керегин өтиниш етип атырғаны. Олардың буйыртпасын орынлап, мүтәжын питкерип жүрип, көбиси менен қарым-қатнасымыз күшейди. Иретинде бизиң талапларымыз да жерде қалмайтуғын еди. Күйеўим оқыўды питкериўден, оны да басшы жумысларға тартыўға жәрдеми тийип, атырса, биреўлери мурындық әке, шеше болыпта үлгерди. Ал, өз әке-шекем мениң үйли-жайлы хожалық болғаныма қуўанышының шеги болмай, күйеўимди өз перзентиндей көрип, астына машина да әперди. Ҳақыйқатында да, биз оны табысына зәриў де емес едик. Күйеўим дәслеп қосыларда өлердеги сөзин айтып, жалынғанындай бахытлы семья қурдық. Мениң оған болған исенимим соншелли, оннан ҳеш нәрсе қыпса сақлап көрген

емеспен. Үйимизге келип атырған табыслардың еркин де оған бердим. Бирақ сонша жыл хожалық басшысы етип, бар табысты бийлеп-төслеген менен айтарлықтай өз үлесин қоспағанына ишимнен иренжисем де бетине келмедим. Себеби, балаларым өсип киятырғанлықтан әкелик кеўлин суўытпайын, араларына ала-ауызлық салмайын деген нийетим бар еди. Бирақ, бул нийетим жоғалтқан келептиң ушындай шубатыла берди. Соңғы еки жылдан берли басымнан таяқ кетпеди. Сәл нәрседен сылтаў таўып, мени кемситип, қол жумсайтуғынды шығарды. Ҳәтте, мени үйден шығарып жиберип, қайтып киргизбей қоятуғын ўақытлары да болды. Ҳәр үйде бир қонып, бул урыс-кейисти ата-анама, балаларыма, ҳәтте, ҳеш кимге билдирмеўге тырысатуғын едим. Оның қыялының бузылып жүргенин сезсем де өзи-ақ басылар, балаларын қыймас, қандай болып қосылып еди, ел-журттан уялар деп, кеўлим жаманлыққа бармады, ҳәм де кеўлине тийип, исти улғайтып аларман деп қорқып едим. Бул ойларымның бәри де бийкар болды. Енди билсем, анамның дәслепки айтқан «ҳәдемей өтирик сөйлеген адам, соңғылықта хожалық болып жалшытпас»—деген сөзи туўры келди.

Мениң менен бирге жасап турып, қолындағы ақшаларды қалай жумсайман десе, еркинде болғанлықтан, маған билдирмей жай да сатып алыпты. Ҳәтте қуда түсип, айттырып қыз да алыпты. Үйленген қызының ата-анасы оның бала-шағалы екенинен хабарсыз шығар деп үйине бардым. Жоқ ондай болып шықпады. Олар истиң ҳәммесинен де хабары бар екен. Үнсиз жүзи төмен қараған ата-ана орнына, қызы турып:—Биз бир-биримизди сүйемиз. Күйеўиң сени сүймейди. Егер сени сүйсе ҳәзир үйимнен ертип кет,—деп жуўап берди.

Ар-намысқа, ызаға шыдамаған көкирек тилдиң тийегине ерк бермей ме? Аўзыма келгенин айтып, күйеўимди үйиме әкетиўдиң илажын ислегеним болмады. Ол мениң сөзлериме шыдамаса керек, көшеде қуўып

жүрип ура баслады. Ақыры, таяқтан силем қатып, емлеўханаға түстим. Мен денемдеги жарақатларымды емлетип жатқанымда ол, судқа арза берип те үлгерипти. Оған қосымша мениң үстимнен болмаған өтирик, жалалары да бар. Оның ақ-қарасын суд айырар. Ал, мениң ойымдағы екиншиси—15 жыл ким менен қослас болдым. Балаларымның әкесиниң ким болғаны. Оның сулыў сөзлерине ерип, ҳәм де биреўден кейин, биреўден илгери етпейин деген ықласымды жерге урғанына ыза-кектен жарылып кетиўге келемен. Бәринен де өсип киятырған балаларымның жүрегинде дық қалғанын айтпайсыз ба?

Ата-бабаның «жақсы ҳаял—жаман ерди ер етеди, жаман ҳаял жақсы ерди хор етеди» деген сөзи бар. Мен оны хор қылмайман деп, еткен жақсылықларым не болғаны? Я болмаса,«жақсылығың жерде қалмас» деген ой-пикирлер муҳаббатқа туўра келмейтуғын сөзлер ме? Енди орта жасқа барғанда улды уяға, қызды-қыяға қондырыўдың ғамын жейтуғын ўақларымызда семьямыздың бузылыўына кимнен көреримди билмеймен. Еримди өзиме опадар, бейим етип услай алмаўымның себеби неде? Я жақсылық етемен деп, өз еркине жиберип алғанымнан ба? Яки мениң жаман ҳаял болғаным ба? Ҳеш сораўды да кеўлим турақламайды. Сиз жазыўшысыз, сиз бирнеме айтың маған? Ҳақыйқатында да, олардың муҳаббаты, «сүйип қалдық» дегени шын ба? Сонда муҳаббат көзиниң қарашығындай перзентлерин де ойлатпағаны ма? Оның дәслепки маған болған муҳаббаты қайда қалғаны? Көзимиздиң ақ-қарасындай көретуғын ул-қызымыз сол муҳаббаттың гүўасы емес пе еди? Семьямыздың бузылыў себебиниң неде екенин билмей, ҳеш нәрсеге ақылым уғрас келмей атыр. Сиз не дер едиңиз? Мен не ислеўим керек еди?

Ишки дәртлерин бирим-бирим шығарып муңлы, ақыл-кеңес сорап отырған жаралы жанға не дерсең? Болған иске полат бол, ҳәр истиң ақырын күт, сабыр

етиңиз дедим. Оған мынадай кемшиликлериңнен болды дей қойыў да орынсыз. Себеби, ҳәрким өз жибиниң селпи жерин сезгениндей, өзиниң кемшилик жиберген жерлерин иши сезетуғын болыўы керек. Ел арасында турмыс тәжирийбеси бай не бир ақыллы адамлар баршылық, сонлықтан көпке ойлас, өз ақылың менен шеш дегендей пикиримди билдирип, оның басынан кеширген, ҳәдийселерин көпке жәрия етиўди мақул көрдим.

---

МАЗМУНЫ

Әмиў әпсанасы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Әҳ, муҳаббат, муҳаббат! (*Жаслар менен сәўбет*) . . . . . . 14

**Г. Шамуратова**

**ӘМИЎ ӘПСАНАСЫ**

Қаракалпақ тилинде

„Қарақалпақстан“ баспасы

Нөкис—1996

(Балалар ҳәм жас өспиримлер бөлими)

Редактор *Яқыпбай Әжимов*
Қарап шығарған *Ж. Қосназаров*
Художник *К. Еримбетов*
Худ. редакторы *Ў. Ережепов*
Тех. редакторы *К. Бекниязов*
Корректоры *А. Аташева*

ИБ 1843

Териўге берилген ўақты 10. 01. 1996-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 20. 02. 1996-ж. Қағаз форматы 70x108$^{1}/_{32}$ Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль. 10. Жоқары баспа усылында басылды Көлеми 1,125 б. т. шәртли б. т. 1,57 есап б. т. 1,59. Жәми 3000 нусқа Буйыртпа № 160. Баҳасы 7 сўм. 50т.

„Қарақалпақстан“ баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9 жай.

ҚР Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстаң көшеси, 9 жай.

7с.50т.

